

Nim. 202.19

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyite Sispanyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifiye pwovizwaman, pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 17 me 2020, sa nou pral site la yo:

- Soudivizyon 1 nan Seksyon 860-b nan Lwa sou Travay la (Labor Law), nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt yon biznis ki ap resevwa finansman Pwogram Pwoteksyon Chèk Peman (Paycheck Protection Program) federal yo epi apre sa retounen anboche anplwaye yo, pou bay avi ki nesèsè anba seksyon sa a pi bonè posib men pa nesèsèman nan yon delè 90 jou, a kondisyon ke yon biznis ki resevwa finansman Pwogram Pwoteksyon Chèk Peman federal yo te bay avi ki nesèsè anba seksyon sa a lè li te inisyalman revoke anplwaye yo.

AN PLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 17 me 2020:

- Depatman Sante a (Department of Health), avèk dokiman sa a, ap etabli yon sèl pwosesis kowòdeone priyozasyon tès atravè eta a ki ta dwe mande tout laboratwa ki nan Eta a, alafwa sa piblik ak sa prive yo, ki ap fè tès dyagnostik pou COVID-19 yo, konplete tès dyagnostik pou COVID-19 sa yo sèlman an akò ak pwosesis sa a. Nenpòt nan laboratwa sa yo ta dwe priyore tès antite oswa moun yo jan pwosesis kowòdone atravè eta a te mande sa. Nenpòt nan laboratwa sa yo pa ka, san yo pa jwenn yon eksepsyon nan men Depatman Sante a, antre nan yon akò ki ta pral rezève kapasite tès yo pou nenpòt antite prive oswa piblik epi an konsekans anpeche kapasite Depatman an genyen pou priyore epi kowòdone tès COVID-19 yo nan Eta New York. Nenpòt vyolasyon enstwiksyon sa a ka lakòz yo bay yon sanksyon sivil ki pa dwe depase \$10,000 oswa twa fwa valè tès yo te bay an vyolasyon seksyon sa a, epi pèmèt an plis Komisè a, avèk dokiman sa a, gen pouvwa epi ka revoke nenpòt sètifika oswa lisans fonksyonman laboratwa sa a.

- Enstwiksyon ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.18 la ki mande pou nenpòt etablisman retrèt, mezon retrèt, oswa etablisman pou swen granmoun yo ki kalifye, ki gen lisams epi ki regilarize pa Komisè Sante a enfòmasyon manm fanmi oswa paran pwòch si nenpòt rezidan te teste pozitif pou COVID-19, oswa te mouri akòz COVID-19, nan yon delè 24 èdtan, avèk dokiman sa a, li modifiye sèlman pou bay yon sanksyon 2,000 dola pou non-konfòmite pou chak vyolasyon pa jou, kòm si se te yon vyolasyon seksyon 12 nan Lwa sou Sante Piblik la, epi yo ta dwe ka pini nenpòt vyolasyon ki fèt apre yo kòm si se te yon vyolasyon seksyon 12-b nan Lwa sou Sante Piblik la.
- Okenn gouvènman lokal oswa depatman sante lokal pa ta dwe pran okenn mezi ki ta ka afekte sante piblik san yo pa konsilte ak depatman sante eta a. Okenn otorite gouvènman lokal pa ta dwe pran okenn mezi ki ta ka anpeche oswa ki an dezakò ak lòt mezi gouvènman lokal yo, oswa mezi eta yo, pa rapò a jesyon ijans sante piblik COVID-19 la.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan disetyèm jou mwa avril

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a